

## Leson 8

### Idantite Espiryèl Yon Anbasadè

---

#### Vèsè Biblik

"Nou tout, nou pa kouvri figi nou; nou tankou yon glas k'ap fè moun wè pouvwa Bondye a: konsa chak jou n'ap transfòme, pouvwa li ap grandi nan nou, jouk tan n'a rive sanble nèt ak Seyè a. Sa se travay Seyè a.

Lespri Bondye.." – **2 Korentyen 3:18**

---

#### 2. Objektif Leson an

- Dekouvri enpòtans idantite espirityèl yon anbasadè nan Rwayòm Bondye.
  - Eksploré kijan koneksyon avèk Bondye fòme baz pou tout aksyon yon anbasadè.
  - Aprann kijan idantite espirityèl enfliyanse lavi pèsonèl, sosyal, e pwofesyonèl yon moun.
  - Aplike prensip idantite espirityèl pou viv yon lavi ki reflete règ syèl la sou tè a.
- 

#### Salitasyon ak Benediksyon

"Ke Rwayòm syèl la, Rwayòm invizib la, Rwayòm Bondye a, ke ideoloji domèn invizib la afekte lavi w nan tout fòm sou tout sans, pou ou menm tou ka ale afekte lavi lòt moun. Ke espri Bondye revele idantite espirityèl ou kòm yon anbasadè nan Rwayòm li. Ke ou viv chak jou avèk konviksyon ke w ap reflete glwa Bondye nan tout aspè nan lavi w. Ke **CDARS Ministries** kontinye sipòte w pandan ou devlope konesans ou sou kiyès ou ye nan Kris la pou fè syèl vin vizib sou tè a."

---

## Entwodiksyon

Idantite espirityèl yon anbasadè nan Rwayòm Bondye se kè misyon li. Yon moun pa ka egzekite yon wòl si li pa konprann kiyès li ye nan sistèm ki mande misyon sa a. Bondye, kòm kreyatè ki revele limanite nan imaj li, envite chak anbasadè pou dekouvrir fondasyon ki sipòte misyon li yo nan relasyon ak Bondye.

Yon anbasadè pa sèlman yon reprezantan ki pale nan non yon rwayòm; li se yon refleksyon vivan nan prensip ak règ rwayòm sa a. Sa vle di ke idantite li dwe enspire pa espri Bondye, ki transfòme li pou li reflete rèy syèl la sou tè a. Nan yon mond ki chaje ak konfizyon idantitè, yon anbasadè ki gen yon idantite solid nan Kris la ap mache avèk otorite ak konfyans.

Leson sa a ap eksplike kijan idantite espirityèl yon anbasadè enfliyanse tout aspè lavi li – pèsonèl, sosyal, ak pwofesyonèl – pandan li montre kijan pou aplike prensip sa yo pou fè syèl vin vizib nan mond vizib la.

---

## 5. Definisyon Enpòtan

### *Idantite Espirityèl:*

- **Definisyon:** Yon koneksyon entim ak Bondye ki fòme baz tout aksyon yon moun nan Rwayòm li. Idantite espirityèl yon anbasadè etabli pa volonte Bondye, e li transfòme nan relasyon ak Kris.
- **Egzanp Pratik:** Yon anbasadè ki konprann kiyès li ye nan Kris la ka mache avèk konfyans pandan li aplike prensip lanmou ak jistis nan kominate li.
- **Kesyon Refleksyon:** Kijan relasyon ou ak Bondye enfliyanse aksyon ou chak jou?

---

### **Reprezantan Diven:**

- **Definisyon:** Yon moun ki aji nan non Bondye epi ki reflete règ syèl la nan aksyon li sou tè a. Reprezantan diven yo viv ak lanmou, verite, e jistis.
    - **Egzanp Pratik:** Nan yon reyinyon travay, yon reprezantan diven ka pran desizyon ki mete enterè kominote a devan, pandan li respekte prensip ekite.
    - **Kesyon Refleksyon:** Kijan ou ka reflete lanmou ak jistis Bondye nan wòl ou kòm yon reprezantan diven?
- 

### **Transformasyon Espirityèl:**

- **Definisyon:** Pwosesis kote espri Bondye fòme moun nan nan imaj li, fè l vin yon refleksyon vivan nan lanmou ak règ li yo.
  - **Egzanp Pratik:** Yon moun ki chèche rekonsilyasyon avèk lòt moun montre kijan transfòmasyon espirityèl fè l viv prensip lanmou e padon.
  - **Kesyon Refleksyon:** Nan ki jan w ap chèche transfòmasyon espirityèl nan lavi w chak jou?
- 

### **Otorite Espirityèl:**

- **Definisyon:** Kapasite yon anbasadè pou aji avèk konfyans nan non Bondye, lè li mache dapre prensip règ li yo.
- **Egzanp Pratik:** Yon anbasadè ki sèvi kòm medyatè nan yon sitiyasyon konfli montre kijan otorite espirityèl fè l pran aksyon pou retabli amoni.
- **Kesyon Refleksyon:** Kijan w ka itilize otorite espirityèl ou pou enfliyanse kominote w nan yon fason pozitif?

---

## **Rezime Kontni an:**

### **1. Bondye Kòm Sous Idantite Espirityèl:**

Bondye kreye moun nan imaj li pou yo reflete karaktè li ak misyon li sou tè a. Sa vle di tout moun gen yon objektif espirityèl ki soti nan Bondye. Idantite espirityèl yon moun pa depann de siksè materyèl oswa sosyal, men de fason yo anrasinen nan prensip Rwayòm Bondye a. Moun ki rekonèt Bondye kòm Wa yo ap mache ak asirans ke yo se anbasadè li nan tout aspè nan lavi yo.

### **2. Wòl Kris Nan Idantite Espirityèl Nou:**

Kris la pa sèlman vin retabli relasyon nou ak Bondye; li fè nou tounen ptit Bondye ki gen otorite pou reprezante Rwayòm li. Idantite espirityèl nou jwenn fondasyon li nan travay Kris te fè sou kwa a ak rezirèksyon li. Lè yon moun aksepte Kris kòm Seyè ak Sovè, yo jwenn idantite espirityèl ki etabli yo kòm sitwayen Rwayòm Syèl la.

### **3. Idantite Espirityèl Yon Anbasadè:**

Yon anbasadè pa sèlman viv dapre prensip Rwayòm nan, men li sèvi kòm yon pon espirityèl ant syèl ak tè. Yo ap viv ak objektif pou refleksyon règ diven an nan tout aksyon yo. Yon anbasadè gen yon misyon klè: aplike jistis, lanmou, ak lòd diven nan tout aspè lavi yo. Idantite sa a vin vizib nan fason yo sèvi kominote yo ak fason yo enfliyanse moun ki ozalantou yo.

### **4. Enpak Idantite Espirityèl Sou Lavi Chak Jou:**

Yon moun ki viv ak idantite espirityèl gen yon lavi ki ranpli ak objektif, estabilite, ak lapè. Relasyon yo reflete lanmou ak konpasyon, e desizyon yo baze sou prensip diven ki pa janm

chanje. Yo konsidere chak sitiyasyon kòm yon opòtinite pou sèvi Rwayòm Bondye epi retabli relasyon ki kase yo.

Pandan w ap li pati sa a, reflechi sou fason idantite espirityèl ou enflryanse lavi w chak jou e sou fason w ka itilize idantite sa a pou ede lòt moun konprann yo gen yon misyon pi gran pase sa yo ka wè oswa konprann nan yon kontèks tanporè

### Etap Pratik:

Men etap konkrè pou ede w aplike lesон sou **Idantite Espirityèl Yon Anbasadè** nan lavi w chak jou:

#### 1. Idantife Fondasyon Espirityèl Ou:

- **Pratik:** Pran yon jounal espirityèl epi ekri kijan ou idantife tèt ou kòm yon disip, frè, kwayan e yon anbasadè nan Rwayòm Bondye a. Fè lis valè ak prensip ou viv dapre yo.
- **Refleksyon:** Kijan valè sa yo montre ke w ap mache kòm yon anbasadè nan tout domèn lavi w?

#### 2. Viv Ak Konsyans Sou Wòl Ou:

- **Pratik:** Chache chak jou yon opòtinite pou reflete lanmou ak lòd Bondye nan yon aksyon espesifik. Pa egzanp, ede yon moun nan bezwen oswa rezoud yon konfli nan lanmou.
- **Refleksyon:** Nan ki fason aksyon sa yo ka sèvi kòm yon pon pou pote prensip syèl la nan lavi lòt moun?

#### 3. Defann Idantite W:

- **Pratik:** Lè w fè fas ak presyon sosyal oswa pwofesyonèl, angaje w pou pa neglige prensip espirityèl ou. Fè yon lis sitiyasyon kote w santi w ka defann prensip Rwayòm Bondye a.

- **Refleksyon:** Kijan defann idantite espirityèl ou ka enspire lòt moun pou yo viv nan verite ak asirans?

#### 4. Sèvi Ak Yon Misyon Klè:

- **Pratik:** Kreye yon deklarasyon pèsonèl sou idantite w kòm yon anbasadè. Fè l kout, enspire, e klè, pou w kapab itilize l kòm yon gid nan lavi w chak jou.
- **Egzanp:** "Mwen se yon anbasadè Bondye, vivan pou reflete lanmou, jistis, ak lòd li nan tout bagay mwen fè."
- **Refleksyon:** Kijan deklarasyon sa a ka gide ou nan pran desizyon difisil oswa nan bay direksyon nan lavi w?

#### 5. Enpak Pozitif Sou Fanmi W Ak Kominote W:

- **Pratik:** Planifye yon aktivite fanmi oswa kominote ki montre prensip Rwayòm Bondye yo. Pa egzanp, organize yon reyinyon pou pataje lanmou, lapè, oswa rekonsilyasyon nan kominote w.
- **Refleksyon:** Kijan inisyativ sa a ka chanje dinamik nan relasyon w ak lòt moun?

---

Nan **Etap Pratik sa yo**, chak anbasadè dwe konnen ke pa gen aksyon twò piti oswa twò senp pou sèvi Rwayòm Bondye a. Tout bagay ou fè ak entansyon aplike prensip Bondye yo gen yon enpak dirab.

---

#### Panse Inik:

"Idantite espirityèl ou kòm yon anbasadè se pa yon senp tit. Li se yon misyon ki mande pou w mache chak jou ak konsyans ke ou se yon refleksyon lanmou, lòd, ak prezans Bondye nan tout sa w fè. Lòt moun pa bezwen wè syèl la, yo bezwen wè syèl nan ou."

---

#### Mesaj Fondatè (James Lamour):

"Pa blye, idantite espirityèl ou pa gen anyen pou wè ak yon etikèt reliye tankou 'kretyen.' Ou se yon anbasadè, yon zanmi, yon pitit, yon frè nan Kris la, yon zouti vivan Bondye itilize pou fè syèl vizib sou tè a. Chak jou se yon opòtinite pou viv avèk objektif, reflekte glwa Bondye, epi enspire lòt moun pou yo chèche plis. Kenbe idantite sa a avèk fyète, e travay san rete pou retabli lòd ki soti nan syèl la nan tout domèn ou enfliyanse."

---

### Avètisman:

#### Konsekans Pozitif:

- Yon lavi kote idantite espirityèl la byen defini pote direksyon, fyète, ak objektif nan tout sa w fè. Ou vin yon sous enspirasyon pou fanmi w, kominate w, ak moun k ap swiv ou. Relasyon ou ak Bondye vin pi solid, epi w gen enpak pozitif sou sosyete a lè w montre ekilib ak jistis nan aksyon w.

#### Konsekans Negatif:

- Inyore idantite espirityèl ou kòm yon anbasadè mennen nan yon lavi ki manke direksyon. Relasyon ak lòt moun vin konfli ak dezòd paske w pa mache dapre prensip Bondye yo. Sa lakòz ou rate opòtinite pou viv avèk objektif, epi li limite enpak ou nan retabli rèy syèl la sou tè a.

### Deba ak Kesyon pou Angajman:

1. Èske idantite espirityèl yon moun ka amelyore oswa chanje selon eksperyans lavi a? Diskite ak egzanp.
2. Kijan w ka sèvi kòm yon modèl pou lòt moun nan kominate w pou montre kijan yo ka viv tankou yon anbasadè?

3. Nan yon mond ki prefere etikèt reliye, ki jan ou ka eksplike ak demonstre enpòtans idantite espirityèl kòm yon zouti pou rekonsilyasyon?
- 

### Egzèsis Pratik:

1. **Egzamen Pèsonèl:** Ekri twa kalite ki defini idantite espirityèl ou kounye a. Reflechi sou kijan ou ka amelyore oswa ranfòse yo.
2. **Plan Aksyon:** Fè yon lis twa aksyon ou ka pran pandan semèn sa a pou montre idantite espirityèl ou kòm yon anbasadè nan relasyon ou ak lòt moun.
3. **Pataje Eksperyans Ou:** Chwazi yon moun nan fanmi w oswa kominote w pou pataje leson sa yo, epi diskite sou kijan idantite espirityèl yo ka transfòme lavi yo.